



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN SEMÈN SANSIBILIZASYON SOU MOVE TAN NAN ETA NEW YORK

Patenarya avèk Sèvis Nasyonal Meteyo a vize edike Nouyòkè yo sou konsekans move tan ak efò preparasyon yo anvan mwa ete yo

Kijan pou w reponn ak siveyans ak avètisman move tan pou gwo tanpèt, inondasyon ak tònad yo mete aksan sou yo pandan semèn 23-29 avril 2023

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman Semèn Sansibilizasyon sou move tan nan Eta New York, li mete aksan sou bezwen pou Nouyòkè yo gen yon plan epi rete enfòm pou lè move tan frappe. Kanpay anyèl la se yon patenarya ant Eta New York, Sèvis Nasyonal Meteyo, ajans lokal ak volontè ak òganizasyon sektè prive pou edike Nouyòkè yo sou danje move tan pandan mwa prentan ak ete yo. Move tan, pa definisyon, gen ladan inondasyon rapid, gwo tanpèt loraj, ak tònad.

"Move tan souvan danjere ak enprevizib, men mezi sa yo nou pran ansanm pou prepare yo ka minimize enpak devastatè li ta ka genyen sou lavi chak jou nou", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pase tan semèn sa a ap aprann sou risk nou fè fas avèk move tan epi sa nou ka fè pou pwoteje tèt nou ak ankouraje efò nou yo pou rete pare pou katastwòf".

Tanpèt loraj ak zèklè se bagay ki enprevizib epi yo ka vin trè danjere san avètisman alavans. Inondasyon se premye kòz lanmò ki gen rapò ak move tan nan Etazini kote pi fò lanmò ki gen rapò ak inondasyon rive akòz machin dlo inondasyon yo pote ale. Yo rapòte plis pase 500 siklòn nan Eta New York depi NOAA te kòmanse kenbe rejis an 1952, kote prèske chak konte nan eta a te fè eksperyans omwen yon tònad nan tan sa a.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "DHSES travay pandan tout ane a ak patnè gouvènman nou yo nan nivo lokal, eta ak federal pou amelyore kapasite siveyans move tan, amelyore fòmasyon pou sekouris ijans yo epi edike piblik la. Li enpòtan pou chak Nouyòkè konnen risk ki genyen yo epi rete enfòm davans sou move tan potansyèl prentan ak ete sa a".

Gouvènè Hochul ak Komisè Bray te esplike kat etap pou preparasyon pou ijans ak sa Nouyòkè yo ka fè pou pwoteje tèt yo ak fanmi yo kont katastwòf:

1. Prepare yon plan pou ou ak fanmi ou lakay, lekòl, nan travay ak anplennè. Idantifye yon plas sekirite pou jwennabri epi konnen ki mezi pou pran lè yo emèt yon avètisman ijans. Konsidere bèt kay yo lè w ap planifye pou yon ijans.
2. Bati yon twous pwovizyon ijans ki dire omwen 10 jou. Mete flach, radyo meteyo ak pil siplemantè. Ou ta dwe genyen yon twous chak pou kay ou ak machin ou. Planifye pou nenpòt bezwen medikal fanmi ou ka genyen. Kenbe founiti ijans pou bèt kay.
3. Rete branche estasyon televizyon ak radyo yo pou mesaj Sistèm Alèt Ijans (EAS) yo epi swiv nenpòt òdonans ijans lokal yo bay. Resevwa enfòmasyon ijans atravè òdinatè oswa selilè ou lè w enskri nan NY Alert nan <https://alert.ny.gov>, yon sèvis gratis ki ba w enfòmasyon ijans enpòtan lè w plis bezwen li.
4. Kontakte biwo jesyon ijans lokal ou pou aprann plis sou fason pou pwoteje tèt ou ak fanmi w. Konsidere fè volontarya nan òganizasyon tankou [Lakwa Wouj Amerikèn](#), [New York Cares](#) oswa [Salvation Army](#).

Konsèy Sekirite pou Move Tan

Founiti nan Ka Katastwòf

Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Inondasyon Eklè

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

Zeklè

- Swiv enstwiksyon 30-30: Si tan ant moman ou wè ekla zeklè an epi koute kout loraj la se 30 segonn oswa mwens, kout zeklè an pre ase pou li frape ou. Chècheabri imedyatman. Apre dènye ekla zeklè an, rete tann 30 minit anvan ou soti nanabri ou an.

- Kout zèklè yo frape bagay ki pi wo an. Si ou sou yon liy pye bwa, kouri ale anba l epi kwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze.
- Si ou pa kapab ale nan yonabri, rete lwen pye bwa yo. Si pa genabri, kwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.

Tònad

- Si ou deyò, epi yo pibliye yon Avètisman Tònad, chècheabri imedyatman. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete men w sou tèt ou.
- Si ou lakay ou oswa nan yon ti bilding, ale nan sousòl lan oswa nan yon pyès pa andedan nan etaj ki pi ba a. Pa kanpe bò fenèt yo. Plaka, chanm deben, ak lòt espas chanm enteryè yo ap pwoteje w pi byen. Antre anba yon bagay ki solid oswa kouvri tèt ou ak yon matla.
- Si ou nan yon lekòl, yon lopital, oswa yon sant komèsyal, ale nan zònabri yo deziyen alavans lan. Pa kanpe nan espas ouvè ki laj yo aswa bò fenèt yo. Pa soti deyò pou al nan machin ou.
- Si ou nan yon bilding ki wo anpil, ale nan yon ti pyès pa andedan oswa nan koulwa nan etaj ki pi ba posibil lan. Pa pran asansè - pran eskalye pito.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pèsònèl ak kijan pou rete an sekirite pandan move tan vizite: <https://www.dhSES.gov/safety>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)